



Pou Piblikasyon Imedya: 03/11/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KÒMANSMAN YON PWOJÈ 27 MILYON DOLA POU REYABILITE WOUT ENPÒTAN YO NAN VIL ITHACA**

***Renouvèlman sifas Meadow Street, Fulton Street, West Buffalo Street ak lòt wout yo pral amelyore sekirite epi fasilite vwayaj***

***Pwojè a gen ladan l tou amelyorasyon pano sikilasyon, twotwa ak drenaj***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a ke travay ap dewoule sou yon pwojè 27.4 milyon dola ki pral reyabilite plizyè wout enpòtan nan Vil Ithaca, amelyore rezistans epi bay sikilasyon pi dous sou pòtay enpòtan sa a ki mennen nan Finger Lakes la. Pwojè a pral enstale nouvo sifas wout epi fè lòt amelyorasyon nan pòsyon nan Meadow Street ak Fulton Street (ke yo rele tou State Routes 13 ak 34), ansanm ak West Buffalo Street (ke yo rele tou State Route 96) ak lòt wout enpòtan nan vil la. Amelyorasyon pano sikilasyon yo, konfigirasyon liy yo, ak amelyorasyon twotwa yo pral diminye konjesyon epi amelyore sekirite pou alafwa chofè yo ak pyeton yo.

"Wout nan nò eta Nouyòk yo ka sibi anpil eprè pandan mwa ivè yo, se poutèt sa nou dwe pran anpil prekosyon pou asire yo rete an bon eta epi yo ka reziste kont nenpòt defi Manman Lanati rezève pou nou", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Envestisman sa a nan wout vital Ithaca yo pral ede moun ak machandiz yo kontinye sikile nan rejyon an epi li pral kontinye bay bon rezilta pandan plizyè ane k ap vini yo an tèm sekirite, rezistans ak kwasans ekonomik."

**Komisè Depatman Transpò Eta Nouyòk (New York State Department of Transportation), Marie Therese Dominguez, te deklare,** "Gouvènè Kathy Hochul konprann wòl enpòtan enfrastrikti jwe nan amelyore kalite lavi ak pwosperite ekonomik pou tout Nouyòkè yo. Pwojè reyabilitasyon wout sa a pral asire ke eleman vital nan rezo transpò nou an nan ak ozalantou Vil Ithaca yo rezistan epi pare pou defi move tan ekstrèm yo - sa ap fè li pi fasil pou rezidan yo ak vizitè yo eksperimante ak jwi tout sa bèl vil sa a — ki renome pou kolèj li yo ak bote peyizaj li yo — gen pou l ofri."

State Route 13 prensipal la se yon gwo koneksyon nò-sid ki soti nan vilaj Pulaski nan konte Oswego rive nan vilaj Horseheads nan konte Chemung, li rejwenn State Route 34 la pandan l ap pase nan kè sant vil Ithaca epi li vin Meadow Street nan direksyon nò ak Fulton Street nan direksyon sid. Gwo otowout sa a ki travèse sant vil la gen yon pakèt

magazen, restoran ak biznis lokal yo. Zòn sa a se lakay Ithaca Commons tou, yon sant komèsyal aksesib pou pyeton yo konsidere kòm sant kiltirèl vil la, sa ki fè li yon kote popilè pou rezidan yo, etidyan yo ak vizitè yo, epi ki souliye enpòtans pou kenbe yon wout ki lis pou apeprè 30,000 veyikil ki sikile sou li chak jou.

Travay preliminè sou pwojè a, ki gen ladan kèk preparasyon twotwa ak ale, ki deja kòmanse. Travay pou kouvri sifas plis pase 5 km (3 mil) sifas asfalt ki ize epi pou repare fisi, ornyè, ak twou ki vin apre yo ap kòmanse nan prentan 2026 la. Pwojè reyabilitasyon pave a, ki gen ladan yon aplikasyon selaj pou fisi, chak twa zan, pral pwolonje lavi koneksyon debaz sa yo pou apeprè 13 a 15 ane:

- Meadow Street ak Fulton Street (State Routes 13/34) direksyon nò ak direksyon sid soti nan Elmira Road rive nan liy Ithaca City a
- West Buffalo Street (State Route 96) ant Taughannock Boulevard ak South Meadow Street
- West Seneca Street ant North Fulton Street ak North Meadow Street
- West Green Street ant South Fulton Street ak South Meadow Street

Yo pral ranplase pano sikilasyon nan sis entèseksyon epi yo pral amelyore 14 lòt pou yo gen ladan deteksyon videyo, ki ede optimize distribisyon siyal yo epi diminye tan datant pou chofè yo. Yo pral enstale pano sikilasyon nan de entèseksyon ki kounye a fonksyone san yo.

Yo pral modifiye mak sou twotwa yo tou pou amelyore fliks sikilasyon an. Sou West Buffalo Street, liy direksyon lès la, ki kounye a sèvi sèlman kòm yon liy pou vire agoch sou North Meadow Street, pral vin tounen yon liy sikilasyon dirèk, alòske sou North Fulton Street, yon liy espesyal pou vire adwat sou Cascadilla Street pral pwolonje pou sèvi kòm yon liy pou sikilasyon dirèk.

Yo pral enstale yon nouvo pano siyalizasyon ki gen ladan klinyotan rektangilè (RRFB) sou State Route 13 toupres Esty Stree pou amelyore sekirite pyeton yo. Aparèy kontwòl sikilasyon sa a fèt pou avèti chofè yo atravè sinyalizasyon ak kliyotan lè pyeton ap travèse nan mitan blòk yo. Anplis de sa, yo pral ranplase 4,572 mètr (15,000 pye) twotwa, yo pral ajoute 152 mètr (500 pye) nouvo twotwa, epi yo pral amelyore ranp twotwa yo pou amelyore akomodasyon pou pyeton yo. Yo pral netwaye epi repare tiyo drenaj nan estrikti yo tou pou amelyore rezistans yo. Pou minimize entèripsyon sikilasyon, travay la ap fèt sitou lannwit epi yo prevwa li ap fini nan ete 2027 la.

**Senatè Charles Schumer te deklare,** "Lwa sou Enfrastrikti ak Travay Bilateral nou an ap trase chemen pou wout ki pi an sekirite atravè Ithaca. Mwen fyè pou m ede delivre gwo lajan federal sa yo pou kreye travay ki byen peye, amelyore sekirite, epi fè amelyorasyon sa yo ki nesèsè depi lontan pou amelyore aksè pou pyeton epi pou fè vwayaj la pi an sekirite. Mwen remèsye Gouvènè Hochul pou angajman li nan ranfòse enfrastrikti eta nou an."

**Senatè Kirsten Gillibrand te deklare,** "Gras ak Lwa sou Enfrastrikti Bilateral la, n ap amelyore pi plis wout ak enfrastrikti Nouyòk pou fè yo vin pi modèn, rezistan, epi an sekirite pou pyeton ak chofè yo", Senatè Gillibrand te deklare. "Mwen fyè dèske mwen delivre lajan federal ki pral revitalize wout Ithaca yo, epi m ap kontinye goumen pou asire ke kominote nou yo gen resous yo bezwen pou kenbe enfrastrikti premye klas ki ede fè pasaje yo ak ekonomi lokal yo avanse."

**Senatè Eta Lea Webb, te deklare,** "Mwen fyè pou m wè resous eta yo pral jwenn yon pwojè ki amelyore aksesibilite, dirabilite, ak kalite lavi pou tout moun ki rele Ithaca lakay yo. Envestisman sa a nan wout prensipal Ithaca yo se yon gwo vikwa pou kominote nou an ak pou tout rejyon an. Amelyorasyon sa yo pral fè li pi an sekirite epi pi fasil pou rezidan yo, elèv yo ak vizitè yo deplase, tout pandan y ap sipòte biznis lokal yo ki se kè vil nou an."

**Manm Asanble, Anna Kelles, te deklare,** "Envesti nan wout prensipal vil nou an fondamantal pou bati yon sistèm transpò ki an sekirite, dirab e ekita. Apre plizyè ane itilizasyon, plizyè milye rezidan Ithacan ap mande pasaj ki pi an sekirite, vwayaj ki pi fasil ak aksè ki pi fyab. Amelyorasyon sa yo nan Route 13, Fulton Street, Meadow Street ak West Buffalo Street pral soulaje sikilasyon an, diminye aksidan, elaji aksè pou pyeton epi modènize enfrastrikti demode nan kèk nan koridò nou yo ki plis frekante. Nou tout te kwense nan blokis devan lekòl segondè epi nou santi fristrasyon sou ki jan li ka difisil pou antre ak sòti nan vil la. Pwojè sa a adrese sa dirèkteman lè li diminye konjesyon, ranfòse koneksyon ant sant vil la ak bòdmè nou an epi asire ke chak rezidan, vizitè ak travayè ka deplase nan vil la san danje epi yon fason fyab. Mèsi Gouvènè Ha ak Depatman Transpò Eta Nouyòk (New York State Department of Transportation, NYSDOT) la pou gwo envestisman sa a nan lavni Ithaca."

**Majistra Vil Ithaca, Robert G. Cantelmo, te deklare,** "Vil Ithaca rekonesan pou envestisman Gouvènè a nan amelyorasyon otowout eta sa yo. Kòm youn nan pi gwo vil nan rejyon an pou moun k ap travay nan zòn nan, antretyen esansyèl sa a ap kontinye bay aksè ak fyabilite pou plizyè milye rezidan ak travayè ki rele kominote nou an lakay yo."

### **Enfòmasyon sou Depatman Transpò**

Se misyon Depatman Transpò Eta Nouyòk pou founi yon sistèm transpò ki an sekirite, fyab, ekita, ak rezistan ki konekte kominote yo, amelyore kalite lavi, pwoteje anviwònman an, epi sipòte byennèt ekonomik Eta Nouyòk.

Lavi yo andanje; ralanti epi mete nou sou kote pou travayè otowout yo!

Pou plis enfòmasyon, jwenn nou sou Facebook, swiv nou sou X oswa Instagram, oswa vizite sitwèb nou an. Pou jwenn dènye enfòmasyon sou sikilasyon yo, rele 511, vizite [www.511NY.org](http://www.511NY.org) oswa telechaje aplikasyon mobil gratis 511NY la.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)